

Рамазан РАЖАБОВ

Самуэль Это'Ол ва учителасул харж

3




Маркъо ШагIбанов

ХIажат буго цIунизе хIакъикъияб топонимия – умумузул цIарал

4-5

Бичун босулебги, босуларебги ...

Гъазимухlамад Гъалбацlов

7

Миллат

www.millat.ru

ДУЦА КЪУВАТАЛЪЕ РОРХУГЕ КВЕРАЛ, КУМЕКИН АХIДОЛЕБ БУГО МИСКИНЛЪИ

Р. Хlамзатов

№18 (18) 7 октябрь 2011 сон МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА

редакторасул калам

Къол гIакIа ахIула сугъулдерица ...

Сугъралъ росулъ шамат къоялъ тIобитIулеб тадбир хIукуматалъгун данд бан тIобитIулеб букIинчIо. Ниж росу бакьулъ бугеб мажгиталда цере щвараб мехалда гьенир ракIарарал гIадамазул гьурмахъ балагьун бихьулеб букIана тадбир халкъалъ тIобитIулеб букIин. Данделъиялда рукIарал гIадамал рукIана гIадатиял магIарулал, костюм тIажу ретIарал, галстукал даларал чагIи рихьулел рукIинчIо гьезда гъорлъ.

Тарихчи ГIалибег Хъазанбиевас бицунеб буго ...

Чанго гIолохъанчи вукIана жигаралда гьалбал къабул гьарулел ва гьеб къойил программа тIаде рачIаразулгун данд балел. Гьалбал рачIинегIан ниж тирана мажгиталда сверухъ ругел къватахъ, рекIкIун ганчIил гьарурал некIсиял минабаз батIияб асар гьабулеб букIана. Къо букIана кьерхараб, сверухъ ругел тIогьазда гIазу реххун бугоан, гIодорлъаби жеги гIурччинго тIогьолъ ругониги.

Къаде какги бан, сугъулдерил жамагIаталъул вакилзабиги, тIаде рачIарал гьалбалги данделъана росдал клубалда. Гьеб данделъи букIинчIо гIелмияб конференция, гьеб букIинчIо гIадатлъун билълъараб къагIидаялда тIобитIулеб юбилей, гьениб букIинчIо кинабгIаги политика ва ххвалие гьарурал кIалъаял. ГIадамаз цере рахъун бицунелдаса ва къотIнор гьарурал гара – чIварияздаса дихъе бачIана цохIо пикру – дагьаб цебегIан республикаялъул тIалъиялъ Гъазигъумекиб МуртазагIалие памятникги рагьун гьабураб тадбиралъ гIандалазул ва аваразул тарихалде рагIад реххун буго абураб. Нилъер бахIарчияб тарих ва гьунарал, чорокаб политика хIалтIун ва гьереситарихчагIазул кумекалдалъун кьолеб буго чидае.

ХIакимзаби, росдал бегавуласдаса рахъарал министразде гIагарун гьеб тадбиралде рачIун гьечIо, тIад ругезукьа хIинкъун лъаларо, хIурмат гьабун лъаларо. Гьединаб магIнаялъул ва хIакъикъияб тарих рагьулел рукIана кIалъаял. Мажгиталда цере ватарав цо гьоркьохъеб ригьалъул чияс абуна:

«Гьаб тадбир тIобитIизе хIукму гьабун букIана Сугъралъ росдал Советалъ, гIахьалълъизе кколаан районалъул ва росдал машгьурал чагIиги ахIун, къватIиса гьалбалги рачIун кIудияб тадбиралда. Ахираб къоялда бачIана хабар президентас гьеб мекъаблъун рикIкIунеб бугин, цохIо гьеб каламалъукьа хIинкъун киналго хIакимзабаз инкар гьабуна гьанир гIахьаллъизе. Гьединлъидал данделъи тIобитIулеб буго гIандалазул хIакимазукьа хIинкъичIеб эркенаб жамагIаталъ» - ин абуна гьев чияс. Щай гьеб президентасе рекIее гIун гьечIебали лъаларо, гьал рагIабиги я тасдикъ гьаризе, яги гьереси гьаризе рес гьечIо.

Амма нилъеда мухIканго лъалеб жо буго Дагъистаналъул президентас Надиршагьасда тIад бергьенлъи босиялъул байрам тIобитIана, МуртазагIалие памятникги рагьун, 270 соналъ цеве жиндир чукъа – раханги, гIарац–меседги босун, дун дур асир вугин Гъумекдерил Сурхайхан шагьасда цеве накабазда чIараб бакIалда. Хайдакъалъул уцмийги кверде ун вукIана, лъарагIазул Шамхал Хасбулатги шагьасул рагьу–махIуялда гьесие меседги кьун тирулев вукIана, Сурхайханги асирлъана. ГIандалазул къварилъухъ авараз щущахъ вихизавурав шагь ва гьесул аскар, кочIолъ абухъе «цIоралъул коралда керен цвизегIан хвалчаца рацIана магIарулаз».

БатIайиса букIанин абулел чагIи ратани, суал буго - щибизе Надиршагь лъарагIазги, хайдакъазги, гъумекдерицаги гIандаллъиялда щвезегIан виччарав?

Гьединго Сугъралъ тIобитIараб данделъиялда кIалъазе рахъараз гIемераб критика гьабулеб букIана Хунзахъа тарихчи Айтберов Тимурица тIад Сурхайханасул вас МуртазагIалиги лъун къватIибе биччараб тIехьалъе. TIехьалъул ахиралда спонсорлъи гьабурав парламенталъул депутат Гъази Гъазиевасул сурат лъей гIемерисез къабул гьабулеб буго аваразда туразе тарих бахъизе Тимур тIами гIадин. Гьелъул рахъалъ Тимур Айтберавасулгун гара-чIвари гьабизе буго «Миллаталъ» иргадулаб номералда.

Данделъиялда рукIана гIезегIан мадарал ва гIакъилал кIалъаял.

⇨2

axlu-xlyp

Нижер гIундузде рачIинчIониги, нужерго щекъералдагIаги гурхIа ...

Цо Москваялдаса вачIарав журналистас абун букIана дида дагъистаниязе митингал квана-гьекъей гьабигIанги бигьаяб жолъун кколеб бугин жиндаян. Лъаларо, кигIан бигьаго гьел гьарулелали, амма квана-гьекъеялъулгIанцин пайда гьезул кколарин пикру буго дирго. Шагьарго хьандезеги гьабун нухал къаниги, «голодовкаби» лъазарунигги, республикаялъул прокуратураги, полициялъул отделалги чан нухалъ «асирлъуде» росизеян лъугьаниги, гIадамазухъ гIинтIамулев чи дида вихьичIо. Кин букIаниги гьаракь къинегIан ахIдезе хIадуралги, цо-цо мехалъ жидецаго цин бицунеб букIаралде данде хадуб бицунеб кколеб гьечIониги, жидерабго ккун цере унелги камулел гьечIо.

3 октябралда МахIачхъалаялда коррупциялде данде тIобитIараб митингалдаги камичIо церехун рехсараб тайпаялъул гIадамал. Гьеб букIанин абизе бегьула церегIан тIоритIарал, митингалин цIар лъурал, жалго митинг гIуцIаралги журналисталги гурони гIахьаллъичIел данделъабазул хIасилал гьарурабгIун. Гьениб гIахьаллъана жидер ракьал Амировас рахъун теларилан лъугьараздасаги, жидеего бокьухъе Аллагьасе гIибадат гьабун гурони рукIинарин ругездасаги бахъарал, полициялъул кьеразулъа «оборотенал» нахъе къотIизе кколин ахIдолезде щвезегIан батIи-батIиял гIадамал. Полициялъулал цIунизе кколин ахIдолезул гьаракьалъ цо-цо мехалъ къинабулеб бугин кколеб букIана прокурор ва МВДялъул министр нахъе ине кколин ахIдолезул гьаракь.

3 октябралда, сагIат 11- ялда МахIачхъалаялъул аслияб майданалда митинг тIобитIиялъе къваригIунелщинал документалги хIадурун ругин жидеца, лъазабизе кколебщинаб идараялда лъазабунинги бугин, гьединлъидал жал майданалде риччайилан ахIи балел рукIана гьеб данделъи гIуцIарал.

⇨2

лъазаби

Тарихчи Айтберов Тимурица къватIибе биччараб «Надиршах Афшар и дагестанцы в 1741 году» абураб тIехьалъ гIемераб хъуйги, бахIсалги рижизаруна ахираб заманалда. Хасго гьеб рекIее гIечIо аваразул интеллигенциялъе, тIехьалда тIад лъураб Гъумекиб рагьараб Сурхайханасул вас МуртазагIалил суратальги, ахиралда тумазул депутат Гъази Гъазиевасул суратальги, Тимур аваразул бахIарчилъи тумазе хъварав чилъун къабул гьавулев вуго гIемерисез. Гьелда ва 1741 абилеб соналъул тарихалда хурхараб темаялда «Миллат» газеталъул санагIат гьечIел суалазе жаваб кьезе разилъана Тимур Айтберов. Нужер суалал ратании ритIе электронияб адресалда bisav@mail.ru, яги телефоналъул смсазда.

редакторасул калам

Къол гIакIа ахIула сугъулдерица …

⇨1

БАХIАРЧИЛЪИЯЛЪУЛ МИСАЛАЛ ВА ГЬЕРЕСИТАРИХ

Мажлис рагьулаго, микьабилеб гъутаналда бугеб мажгиталъул имам ИсхIакъил вас МухIамадица гIезегIан махщалида бицана ватIан цIуниялъулъ, къеркьеялъулъ инсанасул рухIияб рахъалъул бугеб кIваралъул. «Гьеб рахъалъ нилъер умумул щулиял ва имам камилал рукIинчIелани хъат цIураб халкъалда киданиги кIолароан бащдаб дунял квегъун вачIарав тушманасда данде къеркьезе. ВатIан бокьиги имамалъул цо гIаркьел буго, Аллагьас нилъер ракьги, динги, гIамал - гIадатги цIунулаго умумузул нухдаса таруларел ва ккараб къо борхизе иманги, ияхIги бугеллъун лъугьайги нилъер наслаби» - ян лъугIизабуна имамас. ЛъикIал кIалъаял ва церерахъинал рукIана сугъулдерил жамагIаталъул вакилзабазулги. Хунзахъа тарихчи ва мугIалим Хъазанбиев ГIалибегица Надиршагьасул тарихалъул рахъалъ хIакъикъат кьуризабун цо – цо тарихчагIаз гьарурал хъвайхъвагIаязул бицунаго сас тун гIенеккун чIана зал цIураб халкъ. Машгьурав гIакъил Сервантесица абун буго: «Гьересияб, мекъаб тарих хъвалел гIалимзаби, гьересигIарац (фальшивомонетчикал) гьабулел чагIи гIадин чIвазе мустахIикъал ругин». Гьез халкъалъе гьабулеб зарал гьересигIарац гьабулездаса цIикIкIараб бугин тIаде жубана ГIалибегица. Хасго кIудияб кIвар буссинабуна гIенеккараз Надиршагьасул рагъул заманалда магIарулазул букIараб ратIлил сурсат ва ярагъ барав чи гьес цеве вачарабго. МухIканго бичIчIизабуна ГIалибегица ярагъ хIалтIизабулеб букIараб къагIидаги. ГIенеккаразе бищунго асар гьабулеб букIана тарихиял тIанчал тасдикъ гьариялъе хIужабазда цадахъ, гьес ракIалдаса «Надиршагь щущахъ вихизави» абураб кочIолъа мухъал цIалиялъ.

Сугъралъ клубалда церерахъиналги гьарун, жамагIаталъул вакилзаби ва тIаде рачIарал гьалбал рилълъана ХицIиб магъилъ бараб мемориал «ВатIан» бугеб бакIалде. Гьениб музеялъул директор АхIдуханов МухIамадица бицана нахъойги Надиршагь щущахъ виххизавиялъул тарихалъул, рихьизаруна сверухъ росабалъ ва ХицIиб магъилъ къеркьей унеб букIарал бакIал, гьалбадерида бихьизабуна музей ва цо –цо экспонатал. Къадеквенгун хIухьбахъиги тIобитIун, тIад руссун эркенаб къагIидаялда цо – цо тарихалъул тIанчазда тIаса гара – чIвариялги гьарун, нижеца къо – лъикI гьабуна сугъулдерил жамагIаталъулгун.

ТIАДРУССИН ВА БИХЬА – РАГIАРАЛДА ТIАСА ПИКРАБИ

Бакъанидехун радалидаса букIараб кьерхенги нахъе ун, мугIрузул гIазулал тIогьазда меседилаб кьер лъун букIана бакъул чIораз. ГIодоблъиялда маркIачIул кьер реххун букIана, данделъиялдаса ва сапаралдаса разияб асаргун къо лъикI гьабуна нижеца гIандалазул ракьалъе. ГIадамазул ва росдал рахъалъ хутIана лъикIаб пикру. КIудияб батIалъи бихьана ххвалие хIакимзабаз гьарулел тадбираздагун ракIалъ ахIун гIадатияб халкъалъ тIоритIулел дандеруссиназда гьоркьоб. КIалалъ бицунебги ракIалъ бицунебги каламалда гьоркьобгIан батIи – батIияб. Сапаралда дида цадахъ вукIана Унсоколоса поэт ДарбищхIажиев ХIамзат, гьес гIемераб магIаруллъиялъул тарих бицана, цояб пашманаб, цогидаб кепаб. ЧIохъ росдада цереса ниж унаго машинаялда жаниб букIана Синдикъовас ахIулеб ГIабдулмажид Хачаловасул Элдариласде гьабураб кечI:

«…Цинги къо–лъикI гьабуна
къваридал мусудузе
КъватI-къватIахъан ралагьун,
балъго дий нух битIарал.
БекIкIун ганчIил гьарурал,
гьайбатал минабазе
Гьудулалъ хIетIе чIараб
ЧIуракь годекIаналъе…»

Гьеб букIана наибас загьрудал лълъарги кьун, ЧIохъ росдаегун жиндир йокьулелъе къо–лъикI гьабулев Ругъжаса Элдариласул къисматалъул бицарал мухъал. Сугъралъги рихьана дида гьелго рекIкIун ганчIил гьарурал, гьайбатал минаби. Гьунарал гьарзааб ракь буго гIандалазул. РакIалда буго живго поэт Сугъралъа ГIабдулмажид Хачаловасул юбилеялда Расул ХIамзатовас гьесие сайгъат гьарун абурал мухъал. Гьоркьоб заман ун тIад руссана гьел дихъе, газетазда, тIахьазда рихьичIо, жакъа ракIалде щвезаризе кколел руго Надишагь щущазавиялъул къо ракIалде щвезе Хачаловасул росулъа тIад вуссунаго:

«Щиб жо, ГIабдулмажид, гIазуги цIерги
ЦIа буго дур кочIол гъанситоялда.
Гьениб дийги буго лъикIаб рекIелгьей,
Мун рекIараб чоца чанги нух тела.
Ихдал гъотIол тIанхал гьороца уна,
Амма пенсиялде махщел унаро.
Меседил багьаги хола мехмехалъ
Амма дур бакъназулъ бакъ тIерхьинаро.
Мун дие вокьула нилъер кьурабалъ,
Кьалда щапаразде шигIру ахIидал.
Дур росдал рагIалда гIадада гуро
ГIандалаца шагьал щущазарурал…

ГIадада гуреблъиялда ракI чIараб асаргун руссана ниж сапаралдаса, гьелъие нугIлъи гьабулеб букIана сверухъ мугIруз, кIкIалабаз, биялъ белъараб, къажаразулгун аваразул рукьби жанир рекьараб гIандалазул ва аваразул ракьалъ. Гьеб кинабго бихьарал нилъер мугIрузул тIогьаз, чорхолъги, бидулъги гьеб цIунарал магIарулаз.

М.БИСАВГIАЛИЕВ.
МахIачхъала – Сугъралъ.

"ВатIан" мемориал, ХицIиб магъилъ Надир-шагьасда тIад бергьенлъи босараб бакI

axIu-xIyp

Нижер гIундузде рачIинчIониги, нужерго щекъералдагIаги гурхIа …

⇨1

Амма гьеб заманалда «ХъахIаб рокъове» вачIун вугев Россиялъул МВДялъул министр Рашид НургIалиевасда жидеца хIалтIи гьабулеб букIин бихьизабизейищ яги республикаялда оппозиция букIин кIудияв

МитингчагIазул тIалабаздаса цояб: "О, Аллах, спаси нас сперва от САДА потом от АДА"

хIакимасда бихьизе тогейин тIадчагIаз буюрун букIиналъищали лъаларо, майданалде чи къазе толев вукIинчIо полициялъулаз. РакIалда бугеб жо гьабичIого чIолеб гIалам нилъерги гьечIелъул, щущазабун полициялъул «кордонгун», митингчагIи майдан бакьулъе щвана. Цо-цониги цIиял хIакимзаби жиндикьа дагьалниги нечоларищали бихьизе, яги гьесул бакIалда лъезе «площадалъул гьитIинав хан» СагIид Амировасе памятник хIадурун бахъинегIанищали, цIадакьги, гIазукьги, бакъукьги «киналго пролетарал цолъизарулев» Ленинил квенчIелалдеги рахун жидерго тIалабазул бицине лъугьана гьел. КигIан жидерго щекъер-мукъулукъалтIе рачIинчIого гьез ахIи баниги, хIе жанибе тIурал тIадчагIазул гIундузда гьеб мухъалдасан цониги сасцин рагIун батиларо.

Гьединго митинг лъугIулеб мехалде тIаде бачIараб полициялъул машинаялдасан ахIдолев погоназда чIахIиял цIваби кенчIолев чиясул гьаркьихъ гIинтIамулев чиги дагьав вукIана. Гьедин жинца абураб жоялъул сан гьабичIого халкъ тезе гьавги щивчиха, тIокIаб жо рагIичIониги, «ЦIвабиберцинил» буюрухъал эбелалъул «кваназе ахIулеб» гьаркьидасаги лъикI рагIарал полициялъулал лъугьана митингчагIи нахъе гъезе. Нахъе гъезе ккани, нужер эбел инсул хурищин гьаб бугебиланги ахIулаго, гьелгун кьабезе лъугьана цо-цо би букарарал гIоркьилал. Гьаз кьабун дол чIечIого, доз гьабун гьал къечIого, митингалдаса 28 чиясда «бобиказул» жаниса бакIги Советский РОВДялъул «гьалбал хирияб» минаги гIезегIан лъикI бихьун батила, щайгурелъул кIиго сордокъоялъ гьенир хутIаралги рукIиндал. 28 - ясул анкьгоясда тIад делоги гьабун гIакIа къотIана 500 - ялдаса 1000 гъурщиде щвезегIан. ХутIарал, кигIан цIакъ Советский РОВДялда цере цогидал митингчагIи ахIданиги, кIигосордо къо ун гурони къватIиреги риччачIо.

Митинг бакьулъ йикIарай
ПатIимат МахIмудова.

Самуэль Это'Ол ва учителасул харж

◆ Рамазан РАЖАБОВ

Россиялъул регионазда жаниб Дагъистан бищунго мискиназул цояблъун кколеблъи киназдаго лъалеб батила. Гьанир гьечIо киналгIаги завод – фабрикал, производство, хIалтIизе бакIал, 80 % бюджеталъул буго Федералияб централъул дотациял. Амма мискинаб республикаялда вуго дунялалда бищунго цIикIкIараб моцIрол харж бугев чи. Самуэль Это'О – «Анжи» командаялъул футболист.



Самуэль Это'О



Учитель

Гьесул харж буго цо санае 20 миллион доллар. Дунялалда тIокIаб лъилниги гьедигIанасеб харж гьечIо. МоцIрое гьесие щолеб буго 50 млн. гъуруш, щибаб къоялъ – 1,666 млн. гъур., щибаб сагIаталъ - 69 444 гъуруш, минуталда жаниб –1157 гъуруш. Миллиардер Сулейман Керимовас тIаде босун буго Анжи команда дунялалдаго цIебетIураблъун лъугьинабизе. Гьелъие гIоло гьес росулел руго цIар арал футболистал: дунялалъул чемпион, Бразилиялъул тIаса бищараб командаялда хIалев вукIарав Роберто Карлос, Камеруналъул тIаса бищараб командаялъул футболист, Барселона, Интер гIадал командабигун Лига чемпионов бергьарав Самуэль Это'О, гьел гурел Юрий Жирков, Мубарак Буссуфа, Балаш Джуджак. Гьел ккола дунялалдаго лъалел футболистал. ТIолобго дунялалъ гIажаиблъи гьабулеб буго мискинаб Дагъистаналъул командаялда дунялалдаго цIар рагIарал футболистал хIаялда. Гьелъие гIиллалъунги Сулейман Керимовасул миллиардал гурони тIокIаб щибгиха букIинеб? Кутакалда Анжиги, МахIачхъалагун Дагъистанги берцин бихьун рачIун ратиларо гьел. ХутIарал Анжиялъул футболистазулги дагьал гьечIоал харжал. МоцIрое Роберто Карлосие щолеб буго I2,5 млн. гъуруш, Юрий Жирков – I3,5 млн, Мубарак Буссуфа – 6 млн, Диего Тарделли – 3,75 млн, Шамиль Лахиялов – 3,25 млн.

Мисалалъе босани, Дагъистаналда учителасул гьоркьохъеб харж буго 7 азарго гъуруш. Самуэль Это'Ол харжалдаса учителасул харж буго 71428 нухалъ дагьаб, гьесул 50 миллион гъурущ буго. Гьесулго гIадин бикьани учителасе щолеб буго цо къоялъ 233 гъуруш, сагIаталда жаниб – 9 гъур, 72 копеек, минуталда жаниб – 16 копеек.

Дунял сверун бугин, халкъ гIантлъун бугилан ккола гьел тарихал данде ккурабго. Улкаялъе Это'Олгун учителасул кинасул кIвардай цIикIун бугеб? Абизе бегьула гьеб гIарац бугин цIохIо Керимовасул жиндирго гIарац, бокьаралъуб харж гьабизе гьесул ихтияр бугин. Гьебги битIараб буго.

Дунял сверун бугин, халкъ гIантлъун бугилан ккола гьел тарихал данде ккурабго. Улкаялъе Это'Олгун учителасул кинасул кIвардай цIикIун бугеб? Абизе бегьула гьеб гIарац бугин цIохIо Керимовасул жиндирго гIарац, бокьаралъуб харж гьабизе гьесул ихтияр бугин.

Амма цо жо мекъи бугин гьаниб абураб пикру ботIролъа нахъе унеб гьечIо. Гьелъ батила кинабго дунялалъги Анжиялда хадуб халккун бугеб. Интернеталда, спортивиял СМИязда Анжиялъул гурони бицунеб гьечIо, МахIачхъалаялъул, Каспийскиялъул къватIазда киса кирего Анжиялъул футболистазул кIуди-кIудиял плакатал руго чIван. МахIачхъалаялда Анжи хIалеб къоялъ букIунеб ахIи-хIур киназдаго бихьун батила.

БачIинахъего бихьулеб буго гьеб кинабго социалияб, бокьани политикияб проект букIин. Халкъ футболалде буссинабизе ургьараб жо букIин. Амма гьебго гIарцги хвезабун цо лъикIаб заводгIаги бан букIарабани гIадамазе хIалтIизе бакIалги, республикаялъул бюджеталде налогалги щвелаан. Киналго бизнесменалги, Москвагун республикаялъул тIалъиги гIадамазе рекIелгъейгун курортал разе лъугьун руго.

Курорталгун футболалдаса гIадамазе, хIалтIизе бакIги, гIадамазул гIадаб харжги, нухалгун кьоялги ругони баракт ва пайда букIинаан. Цогидалъул бицинарин, шагьаралда чIечIого гьоркьоса къотIулеб токги, чорокал къватIалги, пробкаялги лъугIизаризе кидадай ракIалда бугеб?

Амма гIажаибаб иш. ГIадамазе ток гьечIониги, нух гьечIониги, харжги дагьаб букIаниги, къойилго гIадамал чIвалел ругониги кIвар гьечIо гьев Это'Оца голги кьабун Анжи бергьани.

◆ Зульфия ХIАЖИЕВА

ГIадилгерей чIваялъул цIех-рех ва биларабавтомат

2009 соналда Дагъистаналъул жанисел ишазул министр ГI. МухIамадтIагьиров чIвазе хIалтIизабураб автомат Болъихъ рагъулаб шагьаралдаса къватIибе прапорщик Долгих Дмитрийица кьеялда щаклъи буго следователазул. Гьаракь бахъунареб гьеб автоматги босун лейтенант Андрей Резанов вачIун вукIун вугила МахIачхъалаялде министр чIвазе. Гьевги Долгих Дмитрийида цадахъго Болъихъ вукIун вуго хъулухъ гьабулев.

Гьеб хIужаялда хурхараб цIех-рехалъул халгьабизе буго кватIичIого. Россиялъул Генпрокуратураялъ гьеб МахIачхъалаялъул рагъулаб гарнизоналде битIун ана. Жиндирго хъулухъалдаса пайдаги босун, Резанов Андрейгун цадахъги рекъон, законалда данде кколаредухъ ярагъ бикъияльул гIайиб гIунтIизабулеб буго прапорщикасде.

«Миллаталдасан» жиндирго цIар бицине разилъичIев закон цIунулезул цояс мухIкан гьабулеб буго гьадинаб хIужа: **«Дида гIезегIан лъикI лъала гьеб цIехрех унеб букIараб куцги байбихьуда А. Резановас бицунеб букIараб жоги. Министр чIвазе хIалтIизабунин абулеб ярагъ лъицаниги лъиениги бичичIин, гьеб гIицIго къваригIараб къоялъ къватIибеги бахъун, къваригIел лъугIидал жанибги лъунилан абулеб букIана А. Резановас. «БагIаравин» абулев пачалихъияв адвокат гурони, жинцаго гьев кквечIеб мех букIана гьесул гьеб. Дагьалъ чIун адвокат хисана. Гьеб мехалда Резановас тIубан инкар гьабуна цебехун жинца бицанщиналдаса. Министр чIвалеб къоялъ Андрей Резанов Россиялда жиндирго хъизаналда цадахъ цо сухIматалда вукIана. Гьенив кьурдулев, ихтилат гьабулев рахъарал сураталги руго гьесул. Гьединго гьеб къоялъ Саратовалъул вокзалалда вукIаго бахъараб суратги буго. Министр чIвараб бакIалда цониги ярагъ батун букIинчIо гурищ? Гьединлъидал хас гьабун гьанже рехсолеб бугеб, гьаракь бахъунареб автомат киса баккараб жодай? Гьединго Болъихъан щай гьеб бачIине кколебалиги бичIчIуларо. Щайгурелъул, гьеб бакIалда унголъунги гьаракь бахъунареб автоматалдасан кьвагьдон ратани, гьединаб ярагъ Дагъистаналда 88 бугин рагIана дида. Гьел руго МВДялдаги, ФСБялдаги…».**

Болъихъе аскариял тIоцере 1994 соналда рачIанин, гьелдаса нахъе ярагъ бичиялъул гьениб ккараб цониги хIужаги лъаларин жиндаян бицана «Миллаталъе» Болъихъа юрист МухIамадгIалиев МухIамаднабица. Гьес ракIалде щвезабуна Болъихъ жеги рагъулаб шагьар балалдего ккараб лъугьа-бахъин. МахIачхъалаялда М. ХIажиевасул къотIноб хасаб операция гьабулелъул чIван вукIана закон цIунулез террористин рикIкIунев Расул Маккашарипов. Гьеб операциялда ккурав цоясухъ батараб ярагъ Болъихъа босанин бицун буго гьес. ХIакъикъаталдаги гьеб букIун буго милициялде кьезейин Болъихъа чиясухъа живго милициялъул хIалтIухъанас босараб ярагъ. Болъихъ милициялда гьелъухъ гIарац дагь кьолебги букIун, МахIачхъалаялда бичилин жинца гьебилан махсароде ккун вуго милицаяс болъихъев. Хадуб гьеб тIатун буго. Амма гIарцухъ гIадамазухъа ярагъ нахъе босулеб къагIида букIаниги, доб яргъил бетIергьан жанив тIамун вуго гIайибги тIад чIезабун.

Рагъулал хъулухъчагIаз балъго ярагъ бичиялъул ахIи бахъун букIана гьанжеялдаса 11 соналъ цебе. 2002 соналда 9 маялда Каспийскиялда теракт гьабизе террористазе МОН-90 абулеб мина Буйнакскиялъул рагъулаб часталдаса подполковник Ямковояс бичун бугилан чIун рукIана цIех-рехчагIи. Малъазда гъоркь рукIкIби къазарун, дрелалъ цаби хъухъан тIаде босизабизе лъугьаниги, подполковникасда тIад чIезабун бажаричIо гьеб гIайиб.

Гьаб цояб делоялъул ахирги гьединабго ккеладай?

◆ Маркъо ШАГIБАНОВ
«Новое дело» газеталъул бетIерав редактор

XIX гIасруялда Кавказалде щварав гIурусазул генерал, Дагъистаналъул тарихги, къануналги лъазарулев машгьурав гIалимчи Александр Комаровас хъвалеб буго: «Кибниги батиларо гьаб сагIаталда Дагъистаналъул картаялда ва географиялда бугеб гIадаб ахIвал – хIал, мекъи цIарал хъваялъул ва цересел кIочонтеялъул рахъалъ. Киналго гъалатIал рикьизе бегьула лъабго бутIаялде; гьел рикьиялъе сабаблъун руго цIарал раккиялъул ва гьел мекъи хъваялъул гIиллабиги» - ян. КIиабилеб ва лъабабилеб тайпаялъул гъалатIаллъун ккола дагъистаналъул мацIазул фонетикаялъул, хасго авар мацIалъул гьаркьал батIияб мацIалъул вакилзабазе захIмалъиялъул гIиллалъунги, гьелъул ва картаби гIуцIулел чагIазул цикIкIараб хIаракат ва рорчIарал гъалатIал.

Гъалатlазул кlаралъул ва къадаралъул рахъалъ тlоцебесеб бакlалде бачlунеб буго хадуб рехсараб тайпа гъалатlазул: «Гlурусаз Дагъистаналъул магlарулазулгун гьоркьорлъаби байбихьана кlиго рахъалдаса, бакъбаккул гlатlиракьаздаса ва юг – Кахет ва Ширваналдаса. Гьоркьохъабилъун ва таржамачагlилъун гьел сапаразда гlурусалгун рукlана азербайджан мацlалда кlалъалел татарал ва эрмениял; гlицlго Кахеталдаса рачlаразда цадахъ рукlана гуржиял, церегоялдаса нахъе хасел борчlизе Кахетиялъул ракьалде гlи - боцlигун унел дидоязул, къапучlазул ва анцухъезул гьезулгун бухьен букlиналъ ва гьезда, киназдего гlагарун, лъала гуржи мацl. Гьединлъидал Дагъистаналъул Кахеталъулгун гlорхъода ругел бакlазда гlемерисел цlарал хъван руго гуржи ва татар мацlалда.

сул абулеб къагlидаялъухъ гlенеккун нилъеца хъвачlого».

Гьаб масъала борхун букlана гlемерал нилъер заманалъул авторазги, хасго Кахетиягун гlорхъода ругел бакlазда цlарал гуржи мацlалда лъеялда хурхун, гьез хъвалеб буго:

! Гьел топонимал (бакlазда цlарал) аваразул ракьалда теялъ тарихияб хIакъикъат хисизабиялъе хIалбихьиялцин руго цо–цо гьереситарихчагIазул рахъалдаса. Гьенир церего гуржиязул ва турказул кварщалида гъоркь аварал рукIанин абурал гIадал. Гьел хIалбихьиял гьарулелги руго гIалимзабиян рикIкIунел чагIаз.

соналъ цебе лъун бугин Сулахъ гlурулъе чвахулеб гlоралда цlар, гьеб гlоралда цlар жакъа къоялде щвезегlан цlунун бугин Гъойсу (су – «лъим» турк мацlалда). Гьеб гидроним бухьинабизе бегьула турк мацlалда, гьаб ракьалда ругел къавмазда гьоркьоб гlаммаб мацlлъун букlарабин рикlкlунеб буго гьес: «Цо–цо жанисеб Дагъистаналда ругел росабазда руго жакъаги турказул цlарал, масала Дагъбаш абураб росу, турказул мацlалда «мугlрул тlогь» абураб магlнаялда». Тlоцебесеб иргаялда Авар-Гъойсу хутlарал гъойсуялго гlадин лъалел рукlинчlо гlурусазда XIX абилеб гlасруялъул кlиабилеб бащалъиялде щвезегlан, бакlалъул авторазда гlоразда гьединаб цlар букlинцин лъалароан. Масала 1832 абилеб соналъ Нордестамица авар гlурул тlасияб мухъалъул хlакъалъулъ хъвалаго киса – кибего абулеб буго гlоралда цlар Кlудаб гlор (Кlудияб гlор) абун. Гъойсу абула гlодоблъиялде щвараб Сулахъалда лъарагlаз, хадуб бакьулъе ва гlурул тlасияб рахъалдеги бачана гьебго цlар. Кlиабизе босани, Шамил районалъул Ракьуб–Гlахьвахъ росдада Дагъбаш абураб цlар рекlинабуна ДАССРалъул нухмалъуда вукlарав цо турк мацlалъул хlакимас. Бакlалъул гlадамазул биценалда рекъон: **«1929 абилеб соналъ нижер росулъе**

ХIАЖАТ БУГО ЦIУНИЗЕ ХIАКЪИКЪИЯБ

Масала, машгьураб Хьиндаллъиялъул Гlарахъ мегlер (харил гlарахъ абураб магlнаялда) гьелда цlар лъун буго Арак – тау. Гьаракlуни росдада тlад бугеб мугlарда цlар – Туз–тау, ай Дюз–тау, битlараб мегlер абураб магlнаялда. Сверухъ киса – кирего авар цlарал руго. Самур округалда бугеб магlарулазул Гьочотlа (Кlусур) росдада тlад бугеб мегlералда цlар Боз–дагъ (битlун букlинаан Буз–дагъ), ай «гlазул мегlер» абураб магlнаялда. Унсоколо росдада аскlоб бугеб машгьураб Шайтlан-кьо картаялда – Шейтан–керпи «Шайтан–тло» хъвазе кколеб бакlалда. Цо–цо мехалда дандчlвала татаразул цlарал нилъер мацlалдаса битlахъе руссинарун лъурал, масала: Гюмбет, аваразул Бакълъи абураб магlнаялдаса босун, Таш–копур, даргиязул Къаркъала–Къуби, Къара–гъойсу, аваразул Чlегlер-гlоралъул бакlалда. Дагъ – мегlер, чай – гlор, озень – лъар (лъарагl мацlалда), баш – бетlер, тlогь абураб магlнаялда дандчlвала бакlазда цlарал, гьелъие кинабгlаги хlажалъи гьечlеб, сверухъ халкъалда татар мацl бичlчlуларел бакlазда, бакlалъул халкъазул цlаралги реххун тун. Джурмут–чай, сверухъ киналго бакlазда гlор яги лъар абурал цlарал ругеб мехалда. Гьединго дандчlвала гуржиязул цlарал, хасго гlемер руго Дидо (Цlунтlа – М.Ш.) ва Къапучlа (Бежтlа, Хьваназухъ – М.Ш.) ракьалда. Масала гlор Ори–цlкъали дидоязул Кенотле (Кlилъартlа – М.Ш.) букlине кколелъуб, хlор Луджи–тlба (тlба – хlор). Симбрис–хъеви (хъеви – кlкlал) (Ганжа-гlор – М.Ш.). Мегlер Хуприс–тави (тави – бетlер, тlогь) ва гь.ц.

Авторас тlадехун рехсарал хlужаби гурел Дагъистаналъул топонимиялъулъ цlикlкlун гlемерал турказул мацlалъул рагlаби Россиялъул административияб аппараталъ хlалтlизабиялъул зарал бугин рикlкlунеб букlана мацlалъул гlалимчи – барон П.К.Усларица, гьес хъвалеб буго:

«Магlарулалгун нилъ кlалъалаан таржамачи гьоркьов ккун, кинаб бугониги турказул наречиялда. Гьединаб гьоркьохъанлъиялъ тlадеги бецlлъизабуна гьоркьоблъи ва нилъер номенклатура магlарулалгун гlагарлъизе кколеб бакlалда татараздехун гьетlана. Гьелъ нугlлъи гьабула: чай, дагъ, су, кенд абурал гlадал жал ратиялъги, цониги татар рагlи лъаларел туземцазда гьоркьор. Росабазул цlарал хъван руго жалго магlарулаз абулеб къагlидаги тун, татараз абулеб къагlидаялъ. Битlун букlина щибаб бакlалъе цlар гьениб гlумру гьабулел гlадамаз абулеб хlалалъ кьуни, татараз абулеб къагlидаги тун. Цlар хъвазе ккола туземцазул хъвай- цlали лъалев туземцас жидерго къагlидаялъ абулеб хlалалъ ва хадуб кьезе ккола гlурус транскрипция. Гьев хъвазе тlамизе ккола гlурусалъ, гье-



«Дагъистаналъул югалъулаб ва бакътlерхьул рахъалда чlахlиял картабазда хъвай – хъвагlаял гьарун руго Кавказалъул рагъул заманалда кахетиялъул гlадамазда гьикъун, гlурусазул рагъулаб топографиялъ. Гlурусазе рес букlинчlо рагъул заманалда хъвай – хъвагlаял гьаризе гьенире ине, гьелъ тlамуна гьел къватlиса чагlазда гьикъун картаби гьаризеги. Гьелъул хlасилалда Дагъистаналъул картаялда щулаго рекlана гьадинал цlарал: Симбирисхъеви, Орицlкъали гlорал, Шаури росу, Дидигори мегlер, гьел рехсарал бакlазда анкьумумулъаго щварал бакlалъул цlарал ругониги»

Гьел топонимал (бакlазда цlарал) аваразул ракьалда теялъ тарихияб хlакъикъат хисизабиялъе хlалбихьиялцин руго цо–цо гьереситарихчагlазул рахъалдаса. Гьенир церего гуржиязул ва турказул кварщалида гъоркь аварал рукlанин абурал гlадал. Гьел хlалбихьиял гьарулелги руго гlалимзабиян рикlкlунел чагlаз. Масала А. Аликберовас «Эпоха классического ислама на Кавказе» абураб РАНалъул востоковедениялъул институталъул къайимлъиялда бахъараб кlудияб хlалтlиялъулъ бачунеб буго, гунназул ва турказул Аваристаналда тlад асар, кверщел букlанин абураб пикру, тlоцебесеб азаргосонил тарихалдаса бахъараб. Гьелъие хlужалъун гlалимчияс бихьизабулеб буго топономия, ай чанго бакlазда цlарал турказул къагlидаялъ хутlарал. Турказ азаралда щунусго

щварав цо Совминалъул хlаким, лъарагlас гьикъун буго цо нухда ватарав чиясда, росдада цlар щибан. Гьес жаваб кьун буго Ракьуб–Гlахьвахъин, хlакимас абун буго гьеб захlматаб цlар хlажат гьечlин росдада цlар буго Дагъбашин, Дагъ – мегlер, баш – бетlер, тlогь абураб магlнаялда». Кин букlаниги, 1932 абилеб соналъул 25 абилеб февралалдаса нахъе Совминалъул хlукмуялда гьеб росу лъугьана Дагъбаш.

Гьезул мисалаз рихьизарулел руго Аликберовасул гьерсал, кин батаниги хlажат буго авар росабазе ва ракьалъе тарихиял ва хlакъикъиял цlарал тlад руссинаризе, букlиниселде гьереситарихчагlаз нилъеда бугьтанал лъечlого рукlиналъеги.

Гьединал ахlвал – хlалазул хlасилалда тlадехун рехсарал гlиллабаз аваразул росабазда, мугlрузда ва гlоразда цlарал лъун руго мекъи, тарихиял цlаралги реххун тун. Гьел мекъал цlарал росун руго справочниказде ва картазде. Гьел хlужабаз рагlад реххизабулеб буго нилъер тарихалде ва рес кьолеб буго ургъунго аварал гlодорегlан гьаризе къваригларазе жидеего санагlатаб хlалалъ цlияб «тарих» хъвазе. Гьелъ рахlат тезе кколароан хlакъикъияб интеллигенциялъе, амма гlемерисез гьел мекъал цlарал хlалтlизарулел руго жидерго хlалтlабалъ, хlатта периодикияб печаталдаги рахъула авар мацlалда.

Гьелда бан заман щвана чIезабизе хIакъикъияб топонимия, авараз гIумру гьабулеб ракьалда ва росабалъ, гъоркьехун кьураб сияхIалда рекъон. Гьединго бокьилаан аваразул «Миллат» газеталъул цIалдолез жидерго пикраби газеталдаса загьир гьаризе. Хадуб хIажат буго киналго рахъалги хIисабалде росун хитIаб гьабизе аваразул районаздаса Халкъияб Собраниялъул депутатаздаса сверун парламенталде, тарихалда, церехун рукIарал хIакъикъиял цIарал тIад руссинариялъе.

Гъоркьехун кьолел руго жакъасел ва рукIине бегьулел цIиял цIарал, рехсараб тартибалда:

ГIорал:

Аварское Койсу (авар.–«Авар-гIор») «Авар-ор».

Андийское Койсу (авар. – «ГIанди-гIор») – «Анди-ор».

Кара-Койсу (авар. – «ЧIегIер-гIор») – «Чеэр-ор».

Каралазур-гер (авар. – «Къарал-гIор») – «Карал-ор».

Сабакунис-хеви (авар. – «Ганжа-гIор») – «Ганжа-ор».

Хзан-ор (авар. – «Хьван-гIор») – «Хван-ор».

Ахсу (авар. – «Бугьа-гIор») – «Буга-ор».

Саласу (авар. – «Сала-гIор») – «Сала-ор».

Теренгултар (авар. – «ТIерен-лъар») – «Терен-тлар».

МугIрул:

Дюльтыдаг (авар. – «Рочдул-мегIер») – «Рочдул-меэр».

Гунибский район

Гунибский район гьелда цIар битIун букIина Андалалский район (авар. – «ГIандалал мухъ»), цохIо росдада бухьизабичIого тIубараб гIандаллъиялда бухьинабуни битIун букIина. Кегер (авар. – «КIогьориб») – Когориб.

Чох-Коммуна (авар. – «ГIурул-гьоцIиб») – Урул-оциб.

Казбековский район

Казбековский районалда цIар рекъон букIина Нахбакский район (авар. – «Нахъбакl мухъ»), гьеб битIун букIинаан тарихияб хакъикъат босани, кинабгIаги гьеб мухъалде бухьен гьечIев чиясул цIаралда течIого. Буртунай (авар. – «Буртина») – Буртина.

Иманилиросо (авар. – «ИмангIалил росо») – Иманалилросо.

Ахсу (авар. – «Бугьаросо») – Бугаросо.

Кизилюртовский район

Кизилюртовский районалда цIар битIун букIина Жуламухский район, жибго Кизилюрт шагьаралда цIар – Жуламух, гьеб данде ккелаан тарихияб хIакъикъаталда.

Новое Гадари (авар. – «ЦIияб Гъадари») – Цияб Гадари.

Кироваул (авар. – «ЦIияб Силди») – Цияб Силди.

Верхний Чирюрт (авар. – «Гелбахъ») – Гелбах (а не Гельбах).

Нижний Чирюрт (авар. – «Дарагун») – Дарагун.

Гидмост (авар. – «Гьидерил кьохъ») – Гидерил тлох.

Хунзахский район

Красное село (авар. – «БагIараб росу») – Бааараб росу.

Тляратинский район

Тляратинский районалда цIар рекъон букIина Антратльский район (авар. – «Анкьракь мухъ»), гьединаб цIар рекъон ва битIун букIина, цохIо росдада тIубараб районалъул цIар бухьинабичIого. Катросо (авар. – «Гъоркьросо») – Горкросо.

Санаторий (авар. – «СарагIор») – Сараор.

Гиндибский с/с (авар. – «Богьнода») – МО «Богнода».

Ибрагимотар (авар.– «Богьнода») – Богнода.

Калининаул (авар. – «ТIадиял») – Тадиял.

Чувал - кутан (авар. – «Кьанада») – Тланада.

Шедрин-кутан (авар. – «ТIохъ») – Тох.

Унцукульский район

Унцукульский районалда рекъон букIиа Хиндалалский район (авар. – «Хьиндалмухъ»), гьеб битIун букIина тарихияб хIакъикъат кьочIое босун, цохIо рсдада бухьинабичIого.Унцукуль (авар. – «Унсоколо») – Унсоколо.

Гимры (авар. – «Генуб») – Генуб.

Ирганай (авар. – «Рихьуниб») – Рихуниб.

Майданское (авар. – «ЦIияб Зирани») – Цияб Зирани.

ТОПОНИМИЯ — УМУМУЗУЛ ЦIАРАЛ

Бурагашоп (авар. – «Бугьараб-щоб») – «Бугараб-щоб».

Саласу (авар. – «Сала-мегIер») – «Сала-меэр».

Хонзахой-тау (авар.– «Ханзахъ») – «Ханзах».

Теренгул (авар. – «ТIерен-кIкIал») – «Теренккал».

МугIрул габурлъи:

Харагавуртай (авар. – «ХIариб-габурлъи») – «Хариб-габурли».

Буйнакский район

Арыхкент (авар. – «ГIурухъ-росу») – Урухросу.

Чиркей (авар. – «ЧIикIаб») – Чикаб.

Верхний Каранай (авар. – «ТIасаб Гъараниб») – Таса Гараниб.

Нижний Каранай (авар. – «Гъоркь Гъараниб») – Горк Гараниб.

Гергебильский район

Гергебиль (авар. – «Хьаргаби») – Харгаби.

Гумбетовский район

Гумбетовский районалда цIар битIун букIина Батлухский район (авар. – «Бакълъул мухъ»), гьединаб цIар данде ккелаан тарихияб хIакъикъаталда.

Новый Чиркей (авар. – «ЦIияб ЧIикIаб») – Цияб Чикаб.

Комсомольское (авар. – «Эркенлъи») – Эркенли.

Левашинский район

Ахкент (авар. – «ХъахIаб-росу») – Кахаб-росу.

Охли (авар. – «УхIлиб») – Ухлиб.

Нижний Чугли (авар. – «Гъоркь ЧIугIли») – Горк Чугли.

Орада Чугли (авар.«ТIарада ЧIугIли») – Тарада Чугли.

Новолакский район

Новомехельта (авар. – «ЦIияб МелъелтIа») – Цияб Мехельта.

Отделение «Сельхозтехника» (авар. – «ГохIтIа») – Гохта.

Рутульский район

Кусур (авар. – «ГьочотIа») – Гочота.

Камбулат (авар. – «ГьочокIлиб») – Гочоклиб.

Шамильский район

Дагбаш (авар. – «Ригьикь») – Ригитль.

Нижний Батлух (авар. – «Баклъулъ») – Батлух.

Верхний Батлух (авар. – «Амсуб») – Амсуб.

Балахани (авар. – «Балахьуни») – Балахуни.

Аракани (авар. – «ГьаракIуни») – Аракуни.

Хасавюртовский район

Новосаситли (авар. – «ЦIияб Сасикь») – Цияб Саситли.

ж/д ст. Карланюрт – ?

Дзержинское – ?

Советское (авар. – «ТIунсикь») – Тунситль.

Первомайское (авар. – «Санкьада») – Сантлада.

Садовое (авар. – «Ахикь») – Ахитль.

Октябрьское – ?

Пос. Гребенской мост – ?

ж/д ст. Байрам – ?

Цунтинский район

Качалайский с/с (авар. – «Хьваназухъ») – Хваназухский с/с.

Качалай (авар. – «Хьваназухъ») – Хваназух.

Караузек – ?

40 лет Октября – ?

Ахайотар – ?

Ачи-Чунгур – ?

Каратюбе – ?

Чародинский район

Чародинский районалда рекъон букIина Анцратльский район (авар. – «АнцIракьмухъ»), цохIо росдада бухьинабичIого киназего гIаммаб цIар цIуниялъул мурадалда.

Гочада (авар. – «Гьачада») – Гачада.

Чарода (авар. – «ЧIарада») – Чарада.

Тляробазутль (авар. – «Лъаразулъ») – Тларазутль.

Дусрах (авар. – «Рисиб») – Рисиб.

Тлярош (авар. – «Кьорош») – Корош.

Арчиб (авар. – «Рочиб») – Рочиб.

РЕДАКЦИЯЛЪУЛ РАХЪАЛДАСА:

Машгьурав журналист ва тарихчи, «Новое дело» газеталъул бетIерав редактор Маркъо ШагIбановас аваразул тарихалъулги, росабазул, районазул, мугIруздагун гIоразда мекъи, нилъер гIадат – гIамалалъегун, мацIалъе ругьунал гурел цIарал хисизе кколин борхараб масъала кIвар бугеблъун бихьана нижеда. ТIаде жоялъе, лъалароан гьабгонияб гIалагъважа гIурусаз нилъер географиялда гьабураблъи. Гьес махщалида бичIчIизабулеб буго цIарал мекъал лъеялъе гIилла ва гьел хисизе ккеялъе хIажалъиялъул. Бокьилаан «Миллат» газеталъул цIалдолез гьезда хурхун жидерго пикраби загьир гьаруни. Кинабгоги хIисабалде босун, хитIаб гьабизе ккола республикаялъул парламенталде, хIакъикъиял цIарал тIад руссинареян.

◆ Гъазимухlамад ГЪАЛБАЦIОВ

Бичун босулебги, босуларебги ...

Цо пуланав чиясухъа жавгьар ун буго ралъдалъе бортун. Гьесда ракlалде ккун буго гьеб къватlибе бахъизе. Босун гелгун байбихьун буго ралъад къватlибе тlезе. Ралъдалъа баккун бачlун буго ралъдал рухl. Гьелъ гlолохъанчиясда гьикъун буго дуца щиб гьабулебин. Гьес жаваб кьун буго ралъад къватlибе чlехьолеб бугин, жиндирго жавгьар къватlибе бахъизеян. Ралъдал рухlалъ тlиндасаги босун нахъе кьун буго гlолохъанчиясухъе жавгьар. Инсанасул гlадаллъиялдаги хъантlиялдаги гурхlун буго ралъдал рухl.

Гьеб биценалъул цойгиги магlна буго, бечелъиялъе гlоло инсанас гьабулареб жоги толарин, щиб бугониги гьабулев чиясе кумекги камуларин абураб. Гlарабазул аби буго хlаракаталъулъ букlунин баракатин абураб. Гlарабазул гьеб баракатин абураб рагlи рагlарабго, бищунго нилъеда цебе чlола бечелъи, рес рекъей, гьарзалъи, рахlатаб гlумру. Щиб жо кколеб инсанасе гьеб бечелъи? Гlемерисезе гьеб ккола хъулби, боцlи – панз, хириял машинаби, самолетал, жавгьар – якъут, бокьараб механда бокьараб бакlалде ун хlухь бахъизе рес, захlмалъила гьаб сагlаталда бечелъиялъ кьолеб щинаб цебе тlамизабизе. Цакъ гlемерал руго гьел – хlажатханаби гьарулел руго меседил, рокъоб хьихьараб гьойдуе миллионаз долларал кьолел руго ва гь.ц.

Киназего – бечедасеги мискинасеги, бихиназеги, цlуязеги хlажалъулеб буго гьеб гlарац абураб жо. Нилъее гьеб гlарац бихьулеб бакlалда бугони, гьелъухъ хал гьабун рукlинецин бокьула. Дагьабги лъикl букlинаан гьелда тlаде ралагьарабго гьелъул махl чlвалебани. Гьелъухъ балагьун нилъеца цебе чlезабула гьелъул кумекалдалъун гьабизе кlолеб щинаб жо. Амма къанагlатги чи ватиларо гьелдаса гlетlул махl чlвалев, гьелда гъорлъ бугеб магlу бихьулев, гlарцуда ругел бидул лъалкlал халлъулев. Лъида лъалеб нилъехъе щвараб гъурущ чан чиясул кодоб букlараб, кин гьеб гьесухъе щвараб, гьеб гъурущ захlмат бихьарабищ, мискинасухъа бахъарабищ, чи чlван щварабищ, бикъун щварабищ. Нилъеда гьеб лъаларо Амма бокьула нилъее гьеб – жеги дунялалда цониги чи вижун ватиларо гьанже гlелин дие гьаб бечелъиян ракlалдеги ккун хварав.

Дунялалда бищунго цебе гlарац киб бакlалда бижарабали бицине захlмалъила. Мисалалъе, Эцталин абулел гlазул мугlрузда археологазда батун буго цlорораб жаназа. Гьеб жаназаялъул хал –шал гьабулаго хъатикь къан ккун батун буго пахьул гьабураб кесек, нилъер маххул гъурщида релълъараб жо. Щуазарго соналъ цеве хварав чиясул хъатlикь къан ккун батун буго гьесие бищунго хирияб жо – гlарац.

Жакъа нилъер гlемерисезухъ кодоб ккун бугеб гlарцуда цlар буго «рубль» абураб. Цебе заманалда гlурусаз гlарцул бакlалда хlалтlизабулеб букlун буго гlанкlил, царал, ва цогидал рухlчlаголъабазул цlоко. Мисалалъе хьитал росизе ккани, гlощтlоца башдаб къотlун цlоко кьолеб букlун буго хьитазухъ. Къотlизе абураб рагlи гlурус мацlалда ккола «рубить» - ин абураб рагlи. Гьелдаса бачlараб буго жакъа нилъ тlад рагъулеб рубль абураб жоги. Хадуб пахьул, гlарцул, маххул гlарац гьабизе лъугьараб механда гьелда тад сурал рахъизе байбихьана. Бищунго мукъсанаб резил кесекалда бахъана кодоб хечги ккурав, копьеги ккурав чотlахъанасул сурат. Гьеб «копье» абураб рагlудаса бачlараб буго нилъеца хlазеги хlалареб гьеб « копейка» абураб рагlиги. Амма гьеб копейка хlачlого бегьулеб рагlуларо, гьелъ цlунараб

Амма кинаб батаниги бокьула нилъее гьеб гlарац. Гьаб хабар бицунев диеги бокьула, гьелъухъ гlенеккарал нужееги бокьула.

! **Гlурусазул гlарцуца шагьарал, росаби рана, нухал гьаруна. Цебе МА – илан кьезе рубилал гьечlеб механда кин гlадамаз жамгlияб иш тlубалеб букlараб? Хlалтlулаан киридахъ. Хlалтlизеги киридахъ хlалтlулаан бищунго хlалакъал гlадамал, чlинкьизарун бералгун ва гьекъолаго лъимгун.**

жо рагlула гьеб рубль – ян абураб жоги.

Цойги буго нилъее рубилалдасаги хирияб доллар абураб жо. Гьеб ккола немцазул рагlи. Талер. Немцал Испаниялда ругеб механда гьез хlалтlизабулеб букlана гьеб талер ва гьениса ккана Америкаялде, гьениб хисана долларин абураб рагlуде.

Къватlибехун иш гьедин бугониги нилъер умумузда гьеб гlарац щибали лъалароан. Ханзабазухъ букlараб батани гурони мискинхалкъалъухъе киса гьеб щвелеб? Цlуралъухъ цlун абураб кици буго магlарулазул. Гьелъул магlна ккола къали, сахl цlураб ролъухъ данде гьедигlанго багlаргьоло кьелин абураб. Гагарин космосалде воржанхъилев вукlана, нилъер гlадамал гlанкlудал ханал хисулел, пихъихъ нису хисулел рукlана. Доб заманалда нилъее гьеб хlажатги букlинчlо, пихъ бичулесе гьанги щолаан, гьан бичулесе пихъги щолаан.

Нилъер ракьалда гlарац цlикlкlана гlурусазда цадахъ. Амма цlикlкlана ханзабахъ, нуцалзабихъ, шамхалазухъ – гlадатияв мискинчиясе щвечlо гьеб. Гlурус пачаяс гlемераб гlарац реххана нилъер гьанибе ва жакъа къоялде щвезегlан реххулебги буго. Толел гьечlо нилъ Россиялъ рубилал камун. Амма нилъеца, нилъерго чанкlкlиялъ батила, гьезул гlарцудаги гlарабазул цlар лъун буго гъурущилан. Гlурус пачаясул гlарцуца чанги кьварарав магlарулав кверде росана. Кверде росана ханзаби, нуцалзаби, шамхалал. Кверде росана имамасул сверухълъи. Гьеб гlурус рубилалъ чанги чи гъоркье реххана нилъер, чангияс рекlкl гьабуна. Амма кинаб батаниги бокьула нилъее гьеб гlарац. Гьаб хабар бицунев диеги бокьула, гьелъухъ гlенеккарал нужееги бокьула. Кигlан баракат гьелда букlунарин абуниги гордухъа къватlибе гьеб балев чи нилъеда ватиларо. Газеталда цо ричlчlуларел жал хъван ругин, дагьабги щула гьабун бахчизе лъугьина. Гьеб гlарцуца гlемераб жо гьабуна нилъер гьаниб. Гlурусазул гlарцуца шагьарал, росаби рана, нухал гьаруна. Цебе МА – илан кьезе рубилал гьечlеб механда кин гlадамаз жамгlияб иш тlубалеб букlараб? Хlалтlулаан киридахъ. Хlалтlизеги киридахъ хlалтlулаан бищунго хlалакъал гlадамал, чlинкьизарун бералгун ва гьекъолаго лъимгун.

Жакъа киридахъ хlалтlулел гlадамал гьечlо, кинабго гlарцуца гьабула. Кlудияб гьунар буго жакъа гlарцул. Мисалалъе гьаб макъала дица хъвалаго, лъида лъалеб чан чияс чамасе ришват кьурабали? Лъица лъие щиб бичарабали? Яс гьаризе араб бакlалда кигlан кьурабали? Лъида лъалеб гlарцул бажариялъ метер хъулухъалде щив вачlинев ва щив нахъе иневали? Щиб лъалеб къаси гlарац щив чlвазе лъихъе кьурабали? Унтарай эбелалъе кумек гьабизе чан чи ватилев кодор кепкалги ккун вортанхъилев?

Гlарцуца гьабулеб бугебщинаб жо кинабго бихьулебищ гьеб бугеб? Бихьулеб буго. Цо батlияб машина бихьани, яги хъала бихьани гьикъула гьадаб лъилали. Бицуна лъилали. Гьа .. илан абула. Киназдаго бичlчlула кисан щибали.. Цебеги бичlчlулеб букlана, гьанжеги бичlчlула.

Гlарацги бечелъиги лъикlаб жо буго. Лъикlаб буго гьелъ аскlов вугев мискинчи инжит гьавулев гьечlони, гьесухъа буголъи бахъулеб гьечlони. Гlарац квешаб буго мискинчиясул васги къватив тун лъайги гьечlев жиндир вас гьелъ медакадемиялде лъугьинавулев вугони. Гьев васасе жиндиегоги квеш буго, халкъалъеги квеш буго. Гlарац квешаб буго ритlухълъи хвезабизе гlоло судалда хlалтlулеб бугони. Гьелъ гьунарого гьечlев чи хъулухъалда толев вугони. Нилъеца рехсана церехун гlарцул кумекалдалъун гьаризе кlолел гlемерал лъикlал ишал. Гlемераб жо гьабизе кlола гlарцуда, амма…

Кlола кlудияб мина базе, гьениб жаниб рахlат ва хlалхьи босизе кlоларо. Кlола дунялалда лъикlаб бусен – къайи босизе, макьу босизе кlоларо. Гlарцуда кlола дунялалда бугеб щинаб библтиотека босизе , гlакълу - кlоларо. Бокьарай чlужугlадан йосизе, рокьи - кlоларо. Бокьараб дару босизе кlола, сахлъи - кlоларо. Бокьанагlан лагъзал росизе кlола, амма гьезул дудехун адаб – кlоларо. Бокьараб квен босизе кlола, аппетит босизе кlоларо. Бокьарав судияв восизе кlола, ритlухълъи – кlоларо. Бокьараб музикалияб алат босила дуца, макъан босизе кlоларо.

Хlасил – калам дунял кlийиде бикьизе бегьулеб буго – бичун босизе кlолелдеги, кlоларелдеги. Инсанасул кlодолъиги нилъеца борцине бегьула гьесухъ бугеб бичун босизе бегьулареб щинаб жоялъухъ балагьун, инсанасул адабги нилъеца гьедин гьабула. Бичун босизе бегьулареб щинаб жоялде гъорлъе гlарац лъугьунеб гьечlони лъиениги щибниги къварилъи букlунаро. Амма гlарац лъугьани макъан бичун босизе, адаб бичун босизе, талихl бичун босизе, кlолареб щинаб жо гьабизе, гьелъ рачуна нилъ балагьазукье. Амма кигlан лъица щиб бицаниги нилъее гlарац бокьула. Гьеб гlарцуда аскlоб гlакълуги бугони гьеб дагьабги цlакъ бокьула. Гlарцуда аскlоб чlухlиги, гlамал кlодолъиги бугони, нилъеда гьеб рихуна.

Цо философ вукlун вуго харил кьибил кваналев. Аскlове вачlарас абун буго, дир хважаинасда цеве хlалтlулев вукlаравани дуца гьеб харил кьибил квине ккелароанин. Философас жаваб кьун буго, дица гlадин харил кьибил кваналеб букlарабани, мун хважаинзабазда цеве хlалтlизе ккелароанилан.

Гьеб пикру биччlулел гlадамалги руго нилъер.

Щибха кколеб унго–унгояб бечелъи? Бищунго кlудияб бечелъи буго бугелда ракl рази гьабун чlей, бугелдаей гlей гьабун чlей. Кьун щиналъе щукруги, щван щиналъе рецци гьабун вукlине лъай.

пикру

◆ Рамазан РАЖАБОВ

ВатIананалъул рахъалъ пикраби

ТIоцебесеб иргаялда сунда абулеб «ВатIан» абун? Щивав чиясда гьеб рагIул магIна батIа-батIаго бичIчIула. Цояс абила ватIан кколин жиндие Россия, цогидас абила Дагъистанин, лъабабилес район, росу ва гь. ц.

Советияб пачалихъалъул заманаялъ кинавго чияс щиб жо кколеб дуе ватIан абун гьикъани, цо кIалдиса гIадин жаваб щвезе букIана жидее ватIан кколин Совет Союз – пролетаразулгун рекьарукъабазул пачалихъ, дунялалда ругел капиталистазул ва империалистазул квешлъабаздаса, сихIрумакруялдаса мискинхалкъ цIунулеб, гвангъараб гIумруялде, коммунизмаялде унеб кIудияб улка.

Доб пачалихъги биххун улкаялда ккарал кIудиял лъугьа-бахъиназ жамгIиябгун политикияб гIуцIи хиси гуреб, тIубанго хисизабуна гIадамазул рукIа – рахъин, пикру, дунялалдегун гIумруялдехун бугеб бербалагьи. ЛъикIлъигун квешлъиги гьабсагIат доб механда букIараб гIадаб гьечIо, гьанже гьеб щивасе батIи-батIияб буго. Цо – цо механ доб механда лъикIаблъун букIараб гьанже квешаблъун лъугьун буго, ялъуни гIаксалда. Щиб жо кколеб ватIан абураб суалалъе цого жаваб щунгутIиги буго гьеб «ватIан» абураб рагIул магIнаги гьанже щивасе батIи-батIияб букIин. Дида гьикъани щиб жо кколеб дуе ватIан абун, дица абила тIоцебе дир инсул рукъ, хадуб дун гIураб росу, район, Дагъистан. ТIокIав цеве ани дида гьеб бакI ватIанлъун бихьуларо. Лъаларо гьеб школалда патриотизм абураб жоялде кIвар кьечIебищ, лъаларо цоги батIияб гIиллаялъищ. Щивалиго чияс дуе ватIан бокьизе кколин малъун бокьуларо гьеб. ВатIаналде рокьи букIуна дир хIисабалда щивав чиясул рекIелъ. Цоязул дагьаб букIуна, цоязул цIикIараб букIуна.

ГьабсагIаталда Россиялда дагъистанияздехун бугеб бербалагьи бихьарабго, дие Дагъистан тун цебехун бугеб бакI бокьини киса, рихунеб буго къойидаса къойиде. Рокьуларо дие гьел гIурусал лъица щиб бицаниги. Нилъ рокьунгутIизе гьезул бугеб ихтияр нилъер дол рокьунгутIизеги букIине ккеларищ? Республикаялъул тIалъи кигIан гьезда цебе хIеланиги, тахшагьаралъул мэрас гIурусазул кашишазул каранда орденал раниги, кавказиязул тушман Ермоловасе Пятигорскиялда памятник рагьаниги, кинго рокьуларо нилъ дозие. Рокьизеги гьечIо. Гьелъ рикIкIунаро дица Россиялъул пачалихъ дир ватIанлъун. Дирго миллаталъул къадру къойидаса къойиде гIодобе ккезабулеб, тIад толеб тIалъи гьаракьги кьун демократиялъул нухда дица бищизе кIолареб, инсан жиндир гIумруялъул рукIа-рахъин лъикIлъиязабиялъулъ гIахьаллъизе ихтиярал гьечIеб пачалихъалда ватIанилан абизе кIоларо. Гьединаб пачалихъ бугебгIанаб механ Дагъистан букIине буго гIумруялъул цебетIеялъул рахъалъ, рухIиябгун политикияб рахъалъ бищунго нахъе ккараблъун. ГьабсагIаталда гьедин буго. Щибаб къоялъ нилъеда централиял каналаздаса бихьулеб буго Дагъистаналда щивалиго чIванин, кьвагьанин, спецоперация букIанин. ГIадатияб, гIодобиччараб гIумруялда ругел чагIазда гьединал лъугьа – бахъинал кIодого рихьулел руго, хIакъикъаталда гьаниб рекъел бугин ккола нилъеда. Амма балагьараб механда гьедин гьечIоха, нилъ ругьунлъун руго гьелде. Инсан бокьарал вахIшилъабазде ругьунлъула къойилго цого жо рагIулеб бугони.

Гьаниб гьечIо кинабалиго закон ва киналгIаги инсанасул ихтиярал. Гьанир руго улкаялда рищунго дагьал харжал ва улкаялда рищунго кIудиял ва бечедал рукъзал. Гьанибе Москваялдаса гIор гIадин чваххулеб буго гIарац, амма гьаниб чанго соналъ щибниги хисулеб гьечIо. Гьаниб гIолохъанаб гIелалъ цIалиялдаса лъавукълъи тIаса бищулеб буго, амма гьанир батIи-батIиял гIелмабазул кандидаталгун докторал руго тIубараб Россиялъе гIурал. Гьанир 90 процент бусурбаби руго, амма гьезул 90 проценталда лъалеб гьечIо дин щиб жояли. Гьанир 3-4 Олимпиялъул командаялъе гIурал спортсменал хIадурула, гьанирго чIварал боевиказда гъорлъ ратула цере рукIарал спортсменал. Гьаниб букIине бегьулаан Россиялда бищунго лъикIаб курорт, амма гьанир ралъдал рагIалда бомбаги кьвагьун гъурулел руго гIадатиял гIадамал. Гьаниб бищунго лъикI лъала гьобол къабул гьавизе, амма гьаниб гIемерисезда лъаларо гьоболлъухъ арабго гьобол гIадин вукIине кколевлъи. Гьаниб шагьаралда гIадлу гьабизе лъугьине бегьула, амма гьаниб киназго тротуаралде рехула рищни - къул. Гьанир гьебго тротуаралдаса машинаби хьвадула, амма гьанир киназго лъикIал хIасилазда кьола ГАИялда экзамен. Гьаниб гIемерисезда кIоларо гъалатI гьечIого кIиго предложение хъвазе, амма гьанир ЕГЭязул хIасилал руго Россиялда рищунго тIадегIанал. Гьанир рукIуна рищунго кIудиял, ахIи-хIурги, кваназе-гьекъезе жо гIемерал бертаби, амма гьаниб росасе кьолей ясалда гьикъуларо мун дов чиясе ине йигищ абун. Гьаниб лъиданиги лъалеб гьечIо щиб метер букIине бугебали, амма киназго рала минаби абадиялъ гьанирго хутIизе рижараз гIадин.

Гьаниб цебегоялдаса нахъе дида цониги лъикIаб жо бихьулеб гьечIо ва лъикIаб рахъалде нилъ ккеялдаса хьул къотIулеб буго тIадеялдаса тIаде. Амма гьанир руго гIадамал, жал аскIор гьечIони дие гIумруго чIобоголъулел. Гьанир руго дир эбелгун эменги, яцалгун вацалги, гIагарлъиги, гьанирго руго умумузул хобалги. Гьаний дандчIвана дида чIужугIадан, ва гьаний йокьана. Гьанир руго гьитIинго дица бачал хьихьарал кьурабиги, росдал лъималгун дун васандарал байдабиги. Гьаниб буго дир инсул рукъги, рокъоб цIадул хинлъиги, корохъ чадил тIагIамги. Гьеб ккола дие ВатIан: батIи – батIияб, нусго кьеразулаб ва аза- азар бакъназулаб. Цояб рахъалда гIазулал тIогьалги, тIогьол байдабиги, лъаразул чилиги, хIанчIазул бакъналги. Цогидалъуб – бецIлъигун, гIицIлъи, кьвагьулел минабазул хIургун кIкIуй ва жаназабазул гохIал. АхIмакъаб ахIи – хъуйги, гIакъилаб сихIкъотIиги. ВатIан … нусго кьералъулаб ва азарго гьаркьазулаб.

турказул аварал

Миллатцоял

Ункъабилеб октябралъул къаси ниж данделъун рукIана нежер Эсадийе росдал бегавул (Мухтар) Гьидаят Йилмаз вац Мустафагун цадахъ хIежалде нухарегIизе. Гьезул умумул – эмен Миякьуса, эбел ЦIобокьа ккола.

Туркиялда ругел магIарулал Дагъистаналда ругел гIадин гIемер унаро хIежалде ва элъие ресги гьечIо. Щайин абуни анисан хIежалде ин багьа буго, цо чи хIежалде ин гьоркьохъеб куцалда щуазарго долларалде бахуна.

СагIудияз анибги квота (хIежалде чан чи виччалевали) чIезабула. Гьедин бугилъидал, хIежалде ине хъварал чагIи гIемер рукIун, щияб саннайил можоро тIамула. Масала, нежер ростIал бегавул щуго соналъ цеве хъван вукIана, щияб саннайил эсийеги можоро цIалаан. Гьанжи щуго сон тIобайдал, можоро цIачого виччана.

Дида рагIараб куцалда, Дагъистаналдаса хIежалде ин тIадеги бигьаяб буго, эниб квота гьечIо ва щиб машинаялъ аниги риччала. Анисан бокьа-бокьухъе ине изну гьечIо.

Анисан хIежалде ине гьукъараб мехго букIинчIо. Цере агъта-вусалгунги унаан ва гIемерисел, учуз букIунелъул, ракъдадасанги унаан. ГIиракъалде ва цогидал гIарабазул улкабазда кьвагьигIванки бахъаралдаса нахъе ракъдалаб нух, саламатаб гьечIин абун, Туркиялъ гьукъана.

ХIежалде ин хира чIола анибги. Рес бугел киназего бокьула энир ине. ГIумраялдеги уна, ГIумраялъул эрга тIадеги гьекко бахъула, хIежалде ине эрга щочIел цоцоязги «ГIумра» ялде ини гIамал гьабула.

Саламгун Щагьабудин Озден,
Туркия, Эсадийе росу

Гьале Бегавулги, ростIал гIадамалги

Бегавул виччаларилан чIужуялъ къах1ан ккун вуго.

Гьале, хIеж борхизе унел гIолохъаби

хитIаб

ХIурматиял «Миллат» газеталъул цIалдолел!

Редакциялъ хIукму гьабуна иргадулал номеразда, гIадатлъун лъугьараб нилъер «САНАГIАТ гьечIел суалал» рубрикаялъе магIарулазул районазул бутIрузулгун гарачIвариял гьаризе. Гьел рукIине гьечIо хIукуматалъул газетазул форматалда, хIакимзабазе рецц гьабулел хъвайхъвагIаял. Нижеца САНАГIАТ гьечIел суалал кьезе ккани ва хIакъикъат рагьизе бокьун батани, гIахьаллъе гьеб ишалда гьоркьор нужги. Нижеда киналго районазда ругел гIунгутIаби лъачIого хутIизе рес буго. Районазда ругел гIунгутIабазул, гьезул цо-цоязул САНАГIАТ гьечIел ишазул хIакъалъулъ суалал ритIе редакциялде. Гьебго къагIидаялъ суалал ритIизе бегьила магIарулазул политикаазухъе, министразухъе, депутатазухъе, машгьурал чагIазухъе, щиб пишаялъул гьел ругониги. Гара-чIвариял кьезе руго СМСалдалъун ва электронияб къагIидаялъ почтаялде рачIарал суалазул къадар хIисабалде босун. Гьелго суалал лъезе руго нижеца газеталъул микьабилеб гьумералдаги.Гара-чIвариялъе инкар гьабурал нухмалъулезул ва гьезул хIалтIул рахъалъ редакциялъ районазде ун халкъгун дандчIван кьезе руго макъалаби. Гражданияб жамгIиятги ихтиярал цIунулеб пачалихъги хIакимзабаца гьабулеб жо гуро, гьеб бачIуна халкъалъухъа, гьеб гIуцIизе нилъеда кIвани ахир лъола ришватазеги, коррупциялъеги, халкъалда гьикъичIого тIамулеб тIалъиялъеги ва гIемерал цогидал гIунгутIабазеги. Нилъер цоцаздехун бухьен ва цIогьодулев чиновникасе кьолеб битIараб суал букIине буго гражданияб жамгIияталъул кьучIалъе лъураб тIоцебесеб гамачIлъун. Аллагьас тавпикъги ияхIги кьеги нилъер щивасе хIакъаб рагIи абизе ва унтараб нилъер ватIан лъилъизабизе.

Нижехъе суалал ритIе гьаб адресалда:

ул. Шоссе аэропорта, 19 А
з-й этаж
редакция
газеты «Миллат»,
ялъуни электронный адрес:
bisav@mail.ru

тел.: 8-905-476-56-65

Васалам.

бокьани божа, бокьичIони божуге

1945 соналъул 24 июналда Москваялъул БагIараб Майданалда тIобитIулеб парадалде Джульбарс абураб гьой Сталиница жиндиргo шинелалда гъорлъги лъун бачIинабун буго. Фашистазулгун рагъул ахирисеб соналда батIи-батIиял улкабазда гьелъ тIатинабун буго 7468 минаги 150 снарядги. БитIун парадалда цебейин абуни Джульбарс лъукъун букIун буго.



Эркенаб заманалда Д. Менделеев чемоданал гьарулев вукIунаан.



Цониги кагътил тIамач бажаруларо анкьго нухалдаса цIикIкIун дандчIвазе.

СШАялда гIумру гьабулел чагIаз къойилго кванала пиццаялъул I8 гектар.

Рукъзабахъ балеб бакараб чирахъги кIалдиб бигьаго кьижизе кIола чиясда. Амма тохтур ахIичIого гьеб кIалдиса къватIибе бахъун бажаруларо.

Мерлин Монрол хIатIазда анлъ-анлъ килищ букIана.

КигIан гьараниги гьумер хIадур гьабичIо ПатIимат МахIмудовалъ

МИЛЛАТ «МИЛЛАТАЛДА» КIАЛЪАЛЕБ БУГО

Сугъралъ Надиршагь щущахъ вихизавиялъул байрамалде рачIине хIинкъарал гIандалазул хIакимзабахъ балагьун, Айтберовасда гIайиб чIвазе бакIго хутIичIо.

8928 … .. 71

Имам Шамил тумав вукIанин хъвалев тарихчиясе гIарцул таргьа хIадурлъун рагIула «Гъазигъумекиб» фондалъ. Аваразул тарихчагIи гIедегIе гьенире.

8960 … .. 10

Жакъа магIарулал ругеб хIал бихьизабичIого, рукIине кколеб бакI бихьизабе «Миллат»!

ЧIарадисев

Гьанже аваразе бищун кIудияб роххел буго лезгияс восарав камеруналъулас кьабураб гол. ГьештIезениги нильги хIажалъулел руго.

8988 … .. 47

«Миллаталъе» гIакълу хвараз кьолеб буго, чIагоязулги гьеб гьездаса цIикIкIун гьечIеб къагIида.

Хьиндалав

Гендерид АДТялъул хIалтIухъабазе харжал кьолел гьечIо. Президент, правительство, парламент кумек гьабе.

8928 … .. 72

ЧIахъаги киналго магIарулал! Хасго «Миллат» газеталъул хIалтIухъаби.

8988 … .. 25

ГIадан какиялъухъ орденал кьуни Майсарат йикIина цебесеб кьерда, инсан хIакъирлъулел асарал хъвалелъ ХIапшисей йикIина цебесеб кьерда.

8989 … .. 34

ХIурматияв президент, Жунгутдерил рохьал Ермоловас жакъа гIадин пасат гьарун рукIинчIо, дур министерство кибе балагьун бугеб?

8963 … ..02

КIиго рагIудалъун президентги гьесул васги веццунин ГIабдулатIипов какуге магIарулал, руго гурии нилъер къали бихъун гьезие хъат чIвалев Дагънефталъул президентги, гъаримал руччабазул родовой сертификатал бизнесалде сверизарурав пенсионный фондалъул нухмалъулевги

8989 … .. 44

Т. 8-905-476-56-65

Лъазаби

«Миллат» газета босизе бегьула щибаб магIарулазул райцентразда почтабазул отделениязда, ва Республикаялъул киналго "Дагпечаталъул" киоскалда, Буйнакскиясул къотIноб, вокзалалде щолеб бакIалда бугеб газетал ричулеб тукада, автостанциялда.

Ялъуни ахIе тел.:
8-905-476-56-65,
8-988-261-85-25.

«Миллат» газета цIализе бегьула интернеталдасан **www.maarulal.ru ; www.millat.ru.**

«Миллат» газеталъе хIажат руго лъикIго авар мацI лъалел ва компьютералда хIалтIун бажарулел **корреспондентги** газета биччалев **редакторги**. Харж кьезе буго контракталда рекъон. Т.: **8 905 476 56 65.**

нилъер росаби

ТIинди росулъ некIсияб мина

МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА
Миллат

Учредитель:
Журналистский коллектив редакции

Главный редактор:
Магомед Бисавалиев

тел: 8-905-476-56-65

Редколлегия:
Зульфия Гаджиева
Газимагомед Галбацов
Патимат Гитинова
Закир Магомедов
Патимат Махмудова
Гамзат Дарбишгаджиев

Редакционный совет:
Умахан Великий
Имам Шамиль
Абдурахман Даниялов

Адрес: г. Махачкала,
ул. Дзержинского, 17 б.
7 этаж, офис 4 а.

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 5-0105 июль 2011 г.

Газета отпечатана в ООО «Лотос», ул. Пушкина, 6.
Заказ № _____ Тираж 3000 экз.